**दिन–रविवार** **दिनांक–02.06.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

अरूणाचल प्रदेश आओर सिक्किम विधानसभा चुनाव लेल आइ भऽ रहल मतगणना मे आयल परिणामक अनुसार अरूणाचल प्रदेश मे भाजपा साठि सीट मे सँ छियालीस सीट जीत लेलक अछि। सिक्किम विधानसभा मे बत्तीस मे सँ एकतीस सीट जीत कऽ प्रेम सिंहक तमांगक पार्टी सिक्किम क्रांतिकारी मोर्चा सत्ता मे वापसी कयलक अछि।

---

लोकसभा चुनावक सातो चरण संपन्न भेलाक बाद आब कतेको एजेंसी आओर समाचार चैनल द्वारा देल गेल एग्जिट पोलक आकड़ा पर चर्चा शुरू भऽ गेल अछि। बेसी सर्वेक्षणक पूर्वानुमान मे एनडीए के साढ़े तीन सय सँ बेसी सीट भेट सकैत अछि। ओतहि, इंडी गठबंधन के एक सय पचास सँ एक सय सत्तरि सीट भेट सकैत अछि।

---

प्रदेश मे लोकसभाक चालीस सीट लेल भऽ रहल सर्वेक्षण मे एनडीए के तीस सँ बत्तीस सीट भेट सकैत अछि। ओतहि, इंडी गठबंधन के सात सँ नओ सीट भेट सकैत अछि। रिपब्लिक इंडिया द्वारा जारी सर्वेक्षणक अनुसार राज्य मे एनडीए के सैंतीस जखनकि राजद– कांग्रेस– इंडी गठबंधन के तीन सीट भेट सकैत अछि। आजतक– इंडिया टुडे सर्वेक्षण मे बिहार मे भाजपा के तेरह सँ पंद्रह, जदयू के नओ सँ एगारह, लोजपा –रावेिलास के पांच आओर राजद के आठ सीट भेटबाक गप जनाओल गेल अछि।

---

एग्जिट पोलक परिणाम पर सभ राजनीकि दल फराक–फराक प्रतिक्रिया देलक अछि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जनौलनि अछि जे अनुमानक आकड़ा जना रहल अछि जे अवसरवादी इंडी गठबंधन मतदाता सभक संग तालमेल बैसाबय मे विफल रहल अछि। ओ जनौलनि जे नतीजा मे स्पष्ट देखल जायत जे जनता विपक्षक नाकारात्मक राजनीति के खारिज कऽ देलक अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार जनौलनि अछि जे नरेन्द्र मोदीक नेतृत्व मे अगिला सरकार बनत। श्री कुमार आइ नव दिल्ली मे पत्रकार सभ सँ गपशप करैत जनौलनि जे हुनका पूरा भरोसा अछि जे नतीजा मे एनडीए के अपार जनसमर्थन भेटत। ध्यातव्य अछि जे सात चरणक चुनावक बाद मुख्यमंत्री श्री कुमार निजी दौरा पर दिल्ली गेलाह अछि। एहि बीच श्री कुमार बीजेपीक शीर्ष नेता सभ सँ सेहो भेट कऽ सकैत छथि।

---

राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव जनौलनि अछि जे इंडी गठबंधन के विजय भेटत आओर दू सय पंचानवे सँ बेसी सीट पर हुनक प्रत्याशी जीतताह। श्री यादव चुनाव बाद सर्वेक्षण पर सेहो प्रश्न उठौलनि अछि। ओ जनौलनि जे ई अनुमान बिना कोनो आधारक देल जायत अछि।

———————————————————————

चारि जून कऽ होयवला मतगणना के लऽकऽ विभिन्न जिला मे तैयारी के अंतिम रूप देल जा रहल अछि। वज्र गृहक सुरक्षा कड़गड़ कऽ देल गेल अछि आओर लगपासक गतिविधि पर नजरि राखल जा रहल अछि। हमर संवाददाता सभ जनौलनि अछि जे जिला निर्वाचन पदाधिकारी सह जिलाधिकारी आओर पुलिस अधीक्षक मतगणना सँ जुड़क स्थलक निरिक्षण कऽ रहल छथि। बेगूसरायक बाजार समिति परिसरक मतगणना केन्द्र मे तैयारी के अंतिम रूप देल जा रहल अछि। एम्हर, गोपालगंजक जिला निर्वाचन पदाधिकारी सह जिलाधिकारी मकसूद आलम आओर पुलिस अधीक्षक स्वर्ण प्रभात आइ थावे डायट भवनक मतगणना केन्द्रक निरिक्षण कयलनि।

———————————————————————

पाटलिपुत्र संसदीय क्षेत्र सँ भाजपा उम्मीदवार रामकृपाल यादव पर असामाजिक तत्व द्वारा कयल गेल हमला मामिला मे पुलिस एक आरोपी विकास कुमार के गिरफ्तार कयलक अछि। सिटी एस.पी. भरत सोनी जनौलनि जे ई मामिला मे आठ नामजद आओर चालीस अज्ञात लोकसभ पर कानूनी कार्रवाई कयल जा रहल अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे बिहार लोक सेवा आयोग द्वारा शिक्षक भर्ती परीक्षा सताईस जून सँ तीस जून धरि होयत। एहि मे प्राथमिक शिक्षक, माध्यमिक शिक्षक आओर उच्चतर माध्यमिक शिक्षक सभक भर्ती लेल एक पारी मे फराक–फराक तिथि कऽ परीक्षा होयत। एम्हर, राज्य सरकार शिक्षा विभागक अपर मुख्य सचिव के.के. पाठकक छुट्टी स्वीकृत कऽ लेलक अछि। ओ तीन जून सँ तीस जून धरि छुट्टी पर रहताह। हुनक स्थान पर शिक्षा विभागक कार्यभार मुख्यमंत्रीक प्रधान सचिव डॉक्टर एस. सिद्धार्थ रहताह।

राजधानी पटना सहित राज्यक दक्षिणी क्षेत्र मे मौसम शुष्क बनल अछि। एम्हर, राज्यक उत्तरी आओर पूर्वी क्षेत्र मे कतेको ठाम वारिश भेला सँ लोकसभ के भीषण गर्मी सँ राहत भेटल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पूर्वी चंपारण, मधुबनी, सुपौल आओर किशनगंज सहित कतेको ठाम हल्लुक सँ मध्यम वारिश भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बीच राज्यक उत्तरी क्षेत्र मे कतेको ठाम गर्जक संग बारिश आओर ठंनका सेहो खसि सकैत अछि।

---

पश्चिम चंपारण जिलाक बेतिया मुफ्फसिल थानाक सब्जी मंडी लग पुलिस छापामारी कऽ छओ अपराधी के दू पेस्तौल आओर कतेको गोलीक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

गया जिला मे भीषण गर्मी के देखैत ट्रैफिक पोस्ट पर तैनात पुलिस कर्मी सभ लेल छाताक संग  ओ.आर.एस आओर शुद्ध पानिक व्यवस्था कयल गेल अछि।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।